

## MWA KREYÒL NAN MONREYAL, EDISYON 2017

SOTI 5 POU RIVE 29 OKTÒB

### PWOGRAM OFISYÈL

**Jedi 5 pou rive samdi 28 oktòb – Tout lajounen, tout lannuit**

Videyo kout an kreyòl dimonn, edisyon 2017

Animatris : Marie-Laure M. Rozas

An kreyòl, pandan 3 minit maksimòm, rakonte nou lavi toulejou w nan peyi kote w ap viv la. Pou kòmansé ou dwe anrejistre videyo a sou paj Youtoub ou, ansuit voye lyen an an prive sou paj «Kepkaa comité» a. Videyo kout an kreyòl dimonn se pou tout entènot kreyolofòn, kit moun nan o Kanada, kit li lòt bò dlo. Nou pral gen pou nou prezante videyo yo sou paj facebook «Mwa kreyòl Monreyal» la diran tout mwa oktòb la. N ap gen pou nou konsidere sèlman videyo ki vin jwenn nou an prive sou paj «Kepkaa Comité» a.

**Samdi 7 oktòb, soti 10è am pou rive 12è30 pm**

Gran Konbit oubyen atelye lekti pwovèb Karayibeyen ak Loseyan Endyen

Vini pou nou vwayaje ansanm nan pwovèb yon bann peyi tankou : Ayiti, Gwadeloupe, Martinik, Dominik, Zile Sechèl yo, Zile Moris, Giyan Fransèz, Sent Lisi elatriye.

Konferansye envite: Julien Reiher Umojha

Ap gen nan pwogram tou kèk antrevi ak kèk pèsonalite ki pral pale soutèm «*kreyòl se lang mwen*».

Animatè: Chemèse Lozin, non atis li se Cassandrasuavegroovmotion.

## MOIS DU CRÉOLE À MONTRÉAL, ÉDITION 2017

DU 5 AU 29 OCTOBRE

### PROGRAMME OFFICIEL

**Du 5 au 28 octobre – En tout temps**

Le court en créole du Monde, édition 2017

Présenté par Marie-Laure M. Rozas

En créole et en 3 minutes maximum, parlez-nous de votre quotidien dans votre coin de pays ? Il faut d'abord l'enregistrer uniquement sur votre page Youtube puis partager le lien en privé sur la page de Kepkaa Comité. Le court en créole du Monde est ouvert aux internautes créolophones du Canada et ailleurs dans le monde. Les vidéos seront présentées sur la page facebook du «Mois du créole à Montréal» durant tout le mois d'octobre. Uniquement les vidéos envoyées en privé sur la page Kepkaa Comité seront considérées.

**Samedi 7 octobre, de 10 h à 12 h 30**

Gran Konbit ou atelier de lecture de proverbes de la Caraïbe et de l'Océan Indien

Voyageons proverbialement ensemble dans des pays comme : Haïti, Guadeloupe, Martinique, Dominique, Îles Seychelles, Île Maurice, Guyane française, Sainte-Lucie et autres.

Conférencier: Julien Reiher Umojha

Aussi programme : entrevues avec des personnalités créolophones sur le thème, «Le créole, ma langue.

Animateur: Chemèse Lozin alias Cassandrasuavegroovmotion.

Fò nou pa rate yon kokenn defile rad fòklorik.  
Envite : Marie-Avila Pierre-Saint, non atis li se ManmanVivi.  
Antre 10 \$.

Kote a: Librairie Kepkaa, 2000, boul. Saint-Joseph-E, Pòt B, Monreyal  
(Kebèk) H2H 1E4.  
Rezèvasyon: 514 793-4337 ou 514 750-8800

### **Samdi 7 oktòb, 2è pm pou 5è pm**

Fèt a Ti-Moun oubyen Fèt pou timoun soti 6 pou rive 14 lane.  
Animatris : Marie-Laure M. Rozas

Ap gen nan pwogram nan tou : penti peyi moris, aktivite lamanjay,  
«mini-bokits», bwochèt fui, foto nan rad fòklorik peyi d Ayiti, zile  
Lareyiniyon, zile Gwadeloup. Nou pral rakonte kèk kont antiyè pandan  
nou pral siwote yon ji lakay, fè brikolaj, fè kolaj tankou tout timoun  
peyi kreyolofòn yo. Antre 10 \$.

Kote a : Librairie Kepkaa, 2000 boul. Saint-Joseph-E, Pòt B, Monreyal  
(Kebèk) H2H 1E4.  
Rezèvasyon: 514 793-4337 oubyen 514 750-8800

### **Mèkredi 11 oktòb, 4è pm pou 6è pm**

Vènisaj 4@6 Martin Gros, fotograf peyi Lareyiniyon – Espozisyon  
pòtre.

Kote a : Aux Iles à sucre  
2222, avni Mont-Royal-E, Monreyal (Kebèk) H2H 1K4  
Tel. : 514 525-2220

### **Mèkredi 11 oktòb, 9è pm**

À ne pas rater : un superbe défilé de costumes traditionnels.  
Invitée : Marie-Avila Pierre-Saint alias ManmanVivi. Entrée 10 \$

Lieu: Librairie Kepkaa, 2000, boul. Saint-Joseph-E, Porte B, Montréal  
(Québec) H2H 1E4.  
Réservation : 514 793-4337 ou 514 750-8800

### **Samedi 7 octobre 14 h à 17 h**

Fèt a Ti-Moun ou Fête créole pour enfants de 6 à 14 ans.  
Animation : Marie-Laure M. Rozas

Aussi au programme : découverte de la peinture mauricienne,  
activités culinaires, mini-bokits, brochettes de fruits, photos en  
costumes traditionnels d'Haïti, de la Réunion et de la Guadeloupe.  
Des contes des Antilles seront racontés autour d'un jus local,  
bricolage et collage inspirés d'activités d'enfants créolophones du  
monde. Entrée 10 \$.

Lieu : Kepkaa, 2000 boul. Saint-Joseph-E, Porte B, Mtl, H2H 1E4  
Réservation : 514 793-4337 ou 514 750-8800

### **Mercredi 11 octobre, de 16 h à 18 h**

Vernissage 4@6 Martin Gros, photographe de l'Île de la Réunion -  
Exposition de portraits.

Lieu : Aux Iles à sucre  
2222, avenue du Mont-Royal-E, Montréal (Québec) H2H 1K4  
Tél. : 514 525-2220

### **Mercredi 11 octobre, 21 h**

Sware pwezi lanmou KEPKAA òganize chak ane an kolaborasyon avèk Club Balattou. Antre 10\$.

Kote a : Le Club Ballatou  
4372, boul. Saint-Laurent, Monreyal (Kebèk) H2W 1Z5  
Tel. : 514 750-8800

**Mèkredi 11 ak jedi 12 oktòb, 5è pm pou 7è pm**

Vènissaj 5 @7 ak Marven Clerveau

Atis envite: Mèl Bué, otè, slamèz  
Aktivite sa a òganize nan tèt kole ak l'AMT nan kad «Mois de l'accessibilité universelle dans les bibliothèques de Montréal». Antre gratis.

Kote a : Bibliothèque Henri-Bourassa  
5400, boul. Henri-Bourassa-E, Monreyal (Kebèk) H1G 2S9  
Tel. : 514 328-4000, pòs 4125.

**Vendredi 13 oktòb, 6è pm**

«Aux Îles à sucre» célèbre le Mois du Créole à Montréal

Sou yon divan blan, chèf Mako pral rakonte w pakou li sou fòm antrevi. Mak komès li se kuizin byolojik, kuizin vejetaryen san «gluten» epi ekolojik. Li pral prepare yon manje koupe dwèt pou ou. Li se moun Matinik, li enstale an Frans depi plis pase 20 lane. Li te travay tou nan vil «Londres» epi ann Azi.

Kote a : Aux Iles à sucre  
2222, avni du Mont-Royal-E, Monreyal (Kebèk) H2H 1K4  
Tel. : 514 525-2220

Soirée de poésie érotique traditionnelle du Kepkaa organisée en collaboration avec le Club Balattou. Entrée : 10\$.

Lieu : Le Club Ballatou  
4372, boul. Saint-Laurent, Montréal (Québec) H2W 1Z5  
Tél. : 514 750-8800

**Mercredi 11 et Jeudi 12 octobre, de 17 h 00 à 19 h 00**

Vernissage 5 @7 avec Marven Clerveau

Artiste Invitée : Mèl Bué, auteure et slameuse  
Activité organisée en partenariat avec l'AMT dans le cadre du «Mois de l'accessibilité universelle dans les bibliothèques de Montréal». Entrée libre.

Lieu : Bibliothèque Henri-Bourassa.  
5400, boulevard Henri-Bourassa-E, Montréal (Québec) H1G 2S9  
Tél. : 514 328-4000, poste 4125

**Vendredi 13 octobre à 18 h**

«Aux Îles à sucre» célèbre le Mois du Créole à Montréal

Sur un divan blanc, le chef Marco qui vous relatera son parcours sous forme d'entrevue. Spécialisé dans la cuisine biologique, végétarienne, sans gluten et écologique, il vous concoctera un succulent repas. Originaire de la Martinique et installé en France depuis plus d'une vingtaine d'années, il a aussi de l'expérience à Londres et en Asie.

Lieu : Aux Iles à sucre  
2222, avenue du Mont-Royal-E, Montréal (Québec) H2H 1K4  
Tél. : 514 525-2220

### **Samdi 14 oktòb, 4è pm pou 5è30 pm**

Anba Tonèl oubyen lansman nouvo albòm mizik Daniel Bellegarde la.

Nan zèv sa a, se nan mizik antiyèz peyi andeyò a atis la al enspire l. Ladan l, nou jwenn enflyans ewopeyen lè nou plonje nan mizik ak melodi anba tonèl esklav yo te konn ap jwe depi nan peryòd 19èm syèk la pou fè moun danse. Anba son kadry, kontredans, menuièt kreyòl ak twoubadou, kite mizik akansyèl sa a ki toujou alamòd, ki fè pati patrimwàn kiltirèl envizib limanite a pote w ale.

Daniel Bellegarde sou tanbou, li akonpaye ak mizisyen: Toto Laraque, pou gita ak vwa; Jean Christophe Germain, pou vyolon; Marco Jeanty, pou vwa ak tanbou; Bruno Rouyère, pou banjo, dobro epi vwa; Fritz Pageot, pou bas ak manouba; Fabrice Laurent, pou batri. Antre gratis.

Kote a : Maison de la Culture du Plateau Mont-Royal  
465, avni Mont-Royal-E, Monreal (Kebèk)  
Rezèvasyon obligatwa: 514 872-2266

### **Samdi 14 oktòb, 2è pm pou 3è30 pm**

Atelye kuizin : dejene antiyè ak loseyan endyen  
Vin fè manje epi pote pla yo ale lakay ou pou sèlman 45 \$.

Kote a : Aux Îles à sucre  
2222, avni Mont-Royal-E, Monreal (Kebèk) H2H 1K4  
Tel : 514 525-2220

### **Dimanch 15 oktòb, 4è pm pou 7è30 pm**

Enspirasyon Web TV ak tab diskisyon sou tèm: Kreyòl la kòm lang ak idantite pèp karayib yo. Ap gen tou: kòktèl, etablisman relasyon,

### **Samedi 14 octobre, de 16 h à 17 h 30**

Anba Tonèl ou lancement du nouvel album de Daniel Bellegarde

Dans ce créatif, nous explorons l'univers rural de la musique antillaise, issu de l'influence européenne, en plongeant sous la tonnelle des mélodies dansantes jouées à l'époque du 19e siècle par les esclaves. Au son des quadrilles, contredanses, menuets créoles et troubadours, laissez-vous transporter par cette musique métissée qui traverse le temps et fait partie du patrimoine culturel immatériel de l'humanité.

Daniel Bellegarde aux percussions, accompagné des musiciens : Toto Laraque, guitare et voix; Jean Christophe Germain, violon; Marco Jeanty, voix et percussions; Bruno Rouyère, banjo, dobro et voix; Fritz Pageot, basse et manouba; Fabrice Laurent, percussions. Entrée gratuite.

Lieu : Maison de la Culture du Plateau Mont-Royal  
465, avenue Mont-Royal-E, Montréal (Québec) H2J 1W4  
Réservation obligatoire : 514 872-2266

### **Samedi 14 octobre, de 14 h à 15 h 30**

Atelier culinaire : Le petit déjeuner créole – Vous cuisinerez et emporterez les plats concoctés sur place pour seulement 45 \$.

Lieu : Aux Îles à sucre  
2222, avenue du Mont-Royal Est, Montréal (Québec) H2H 1K4  
Tél. : 514 525-2220

### **Dimanche 15 octobre, de 16 h à 19 h 30**

Inspiration Web TV et panel de discussions sur le thème: Le créole comme langue et identité des caribéens. Aussi : cocktail,

deba ak personnalite ki ka enspire moun.

Moderatris : Betty Adrien, fondatris « Inspiration Web TV.

Invite yo : Nadine Francillon, fondatris Fova, Frantz Delice, fondatè «Rics Regroupement international des causes sociales», Edwige Pierre, prezidant «Expo Destination Haïti». N ap gen tou, yon gwoup jenn monreyalè ki te suiv kou kreyòl nan KEPKAA k ap la pou pale sou sa ki motive yo aprann pale kreyòl. Antre gratis.

Kote a : Librairie Kepkaa, 2000, boul. Saint-Joseph-E, Pòt B, Monreyal (Kebèk) H2H 1E4.

Rezèvasyon: 514 793-4337 ou 514 750-8800

### **Dimanch 15 oktòb, 11è am**

Bwonch kreyòl

Vin dekouvri tout sekrè ki gen nan yon bon jan bwonch kreyòl pou sèlman 15\$.

Kote a : Aux Îles à sucre

2222, Avni Mont-Royal-E, Monreyal (Kebèk) H2H 1K4

Tel. : 514 525-2220

### **Mèkredi 18 oktòb 1è pm pou 5è pm**

Konferans sou pwovèb «kreyon kraze toujou ekri »

Konferansye: Svens Thélémaque

Konferansye a pral koute temwayaj jenn yo epi pale ak yo. Svens reyalize menm yon kreyon ki kraze an milèt mòso ka kontinye ap kolore, konsa li di se menm bagay la pou jenn k ap viv anpil move eksperyans nan lavi yo. Se p ap sèlman yon prezantasyon oubyen yon temwayaj, men tou se pral yon kokenn eksperyans ki pral valorize jenn yo, enspire sans kreyasyon lakay yo, ankouraje

réseutage, débat avec des personnalités inspirantes.

Modératrice : Betty Adrien, fondatrice de Inspiration Web TV.

Invités : Nadine Francillon, fondatrice de Fova, Frantz Delice, fondateur du Rics Regroupement international des causes sociales, Edwige Pierre, présidente de Expo Destination Haïti. Il y aura aussi, un groupe de jeunes montréalais ayant suivi des cours de créole au KEPKAA seront invités à s'exprimer sur leur démarche d'apprentissage de la langue créole. Entrée libre.

Lieu : Kepkaa, 2000 boul. Saint-Joseph-E, Porte B, Montreal (Québec) H2H 1E4.

Réservation obligatoire: 514 793-4337 ou 515 750-8800

### **Dimanche 15 octobre, à partir de 11 h**

Brunch Créole

Découvrez les secrets d'un excellent brunch créole pour la modique somme de 15 \$.

Lieu : Aux Îles à sucre

2222, Avenue du Mont-Royal Est, Montréal (Québec) H2H 1K4

Tél. : 514 525-2220

### **Mercredi 18 octobre, de 13 h à 17 h**

Conférence sur le proverbe «Kreyon kraze toujou ekri».

Conférencier: Svens Thélémaque

Le conférencier échangera avec des jeunes après avoir écouté leurs témoignages. Svens a réalisé que si même brisés, les crayons peuvent toujours colorier, alors il en va de même avec les jeunes qui ont été brisés par plusieurs épreuves qu'ils ont dû traverser au cours de leur vie. Ce n'est pas simplement une présentation ou un témoignage, mais c'est aussi une expérience phénoménale qui

pèfòmans akademik yo, alimante lidèchip yo, epi dekouraje lentimidasyon.

Kote a : Sal A4.79, Amphithéâtre Cégep du Vieux-Montréal  
255, ri Ontario-E, Monreyal (Kebèk) H2X 1X6. Antre gratis  
Rezèvasyon: 514 793-4337 ou 514 750-8800

### **Jedi 19 ak vandredi 20 oktòb, 8è pm pou 9è30 pm**

Istwa an slam ak espektak lansman yon nouvo albòm pou Franck Sylvestre.

Atis la gen yon pakèt talan, li ranpòte plizyè pri nan « Conseil des Arts du Québec et du Canada», li vwayaje al anpil kote pou l al aprann nan men kèk gran pwofesè tanbourinè nan karayib la ki maton anpil nan bat tanbou. Apre plizyè lane l ap kreye, nouvo zèv li a tonbe drèt nan mitan mwa kreyòl la. Albòm nan ap disponib sou plas. Antre a gratis.

Kote a: Maison de la Culture de Rosemont-La Petite-Patrie  
6707, Avni de Lorimier, Monreyal (Kebèk) H2G 2P8  
Tel. : 514 872-1730.

### **Jedi 19 oktòb, 5è pm pou 7è pm**

Atelye kuizin : apewo kreyòl nan tout stil

Kote a : Aux Iles à sucre  
2222, avni Mont-Royal-E, Monreyal (Kebèk) H2H 1K4  
Tel. : 514 525-2220

### **Dimanch 22 oktòb, 11è am**

Bwonch kreyòl : vin dekouvri tout sekrè ki gen nan yon bon jan

servira à valoriser les jeunes, inspirer la créativité, encourager la performance académique, nourrir le leadership et décourager l'intimidation. Entrée libre.

Lieu : Salle A4.79, Amphithéâtre Cégep du Vieux-Montréal  
255, rue Ontario E, Montréal (Québec) KH2X 1X6  
Réservation: 514 793-4337 ou 515 750-8800

### **Jedi 19 et vendredi 20 octobre, de 20 h à 21 h 30**

Histoires Slammées et spectacle de lancement du nouvel album de Franck Sylvestre

L'artiste aux multiples talents et récipiendaire de plusieurs prix du Conseil des Arts du Québec et du Canada, voyage régulièrement pour approfondir ses connaissances auprès des grands maîtres de la percussion des Caraïbes. Après plusieurs années de création, son œuvre nous arrive juste à point en ce mois d'octobre. L'Album sera disponibles sur place. Entrée libre.

Lieu : Maison de la Culture de Rosemont-La Petite-Patrie  
6707, Avenue de Lorimier, Montréal (Québec) H2G 2P8  
Tél. : 514 872-1730.

### **Jedi 19 octobre, de 17 h à 19 h**

Atelier culinaire : apéro créole dans tous les styles

Kote a : Aux Iles à sucre  
2222, avenue du Mont-Royal-E, Montréal (Québec) H2H 1K4  
Tel. : 514 525-2220

### **Dimanche 22 octobre, à partir de 11 h**

Brunch Créole : Venez découvrir les secrets d'un excellent brunch

bwonch kreyòl pou sèlman 15\$.

Kote a : Aux Îles à sucre  
2222, Avni Mont-Royal-E, Monreal (Kebèk) H2H 1K4  
Tel. : 514 525-2220

### **Dimanch 22 oktòb, 6è pm pou 8è30 pm**

Konferans ak espozisyon sou la ayisyen  
Konferansye : Alain Saint-Victor, Gladys Saint-Victor e Alain Philoctète.

Pwojeksyon 2 fim sou Ayiti (pechè, kiltivatè). Aktivite sa a ap fèt nan tèt kole ak etidyan UQÀM yo. Kotizasyon 5 \$

Kote a : Université UQÀM, Pavillon (à confirmer)  
Tel. : 514 750-8800

### **Samdi 28 oktòb, 1è pm pou 4è pm**

«Pou Ayiti», ki se yon òganis sosyokiltirèl, ap envite n vin selebre *Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl* ki pral dewoule nan tèt kole ak Kepkaa epi Cégep Vye Monreal. Nan pwogram nan, n ap jwenn :

- chita koze sou «*Landwat ak lanvè lanmou*», yon adaptasyon *Edenne Roc sou woman* Jacques Stéphen Alexis ki gen pou tit «Compère Général Soleil» ;

- entèpretasyon yon tèks ki pote tit «Les bottes résonnent encore». Majò jon travay sa a se Reginald Germain ak Frantz Clairvil ;

- jwèt animasyon, dikte nan lang kreyòl nou an, pwojeksyon makèt ekspozisyon *In Memoriam Marchaterre*, prezantasyon zèv atistik ki bay grenadye yo ochan.

créole pour la modique somme de 15 \$.

Lieu : Aux Îles à sucre  
2222, Avenue du Mont-Royal Est, Montréal (Québec) H2H 1K4  
Tél. : 514 525-2220

### **Dimanche 22 octobre, de 18 h à 20 h 30**

Conférence et exposition sur l'art haïtien  
Conférenciers invités: Alain Saint-Victor, Gladys Saint-Victor, Alain Philoctète.

Projection de deux films sur Haïti (Les pêcheurs, cultivateurs)  
L'activité est organisée en collaboration avec les étudiants de l'UQÀM. Cotisation 5 \$.

Lieu : Université UQÀM, Pavillon (à confirmer)  
Tél. : 514 750-8800

### **Samedi 28 octobre, de 13h à 16h**

«Pou Ayiti», un organisme socio-culturel, vous invite à célébrer la Journée internationale du créole en collaboration avec le Kepkaa et le Cégep du Vieux Montréal. Au programme :

- conférence et échanges autour de «*Landwat ak lanvè lanmou*», une adaptation de *Edenne Roc* du roman «Compère Général Soleil», de Jacques Stéphen Alexis ;

- interprétation du texte «Les bottes résonnent encore» dans une mise en scène de Reginald Germain et de Frantz Clairvil ;

- jeux d'animation, dictée en créole, projection de la maquette de l'exposition *In Memoriam Marchaterre*, installation de l'œuvre artistique qui se veut un hommage aux combattants.

- konferansye ak atis odyansè yo se : Edenne Roc, Hebert Polycarpe, Frantz Clairvil, Pierre Junior Gabriel, Reginald Germain ak twoup li;

Kote a : CÉGEP du Vieux Montréal, 255, rue Ontario-E, Montréal, H2X 1X6. Tel. : 514 962-8640

### **Samdi 28 oktòb, 17è pm pou 8è pm**

Istwa kuizin ayisyèn nan rejyon apre rejyon, se yon aktivite SOLIDD oubyen «Solidarité Internationale pour le Développement Durable» ap òganize.

Prezantasyon kuizin ayisyèn nan yon jan nou pa jam wè, aktivite goute pla manje, espozisyon pwodui, demonstrasyon sou chay potansyèl peyi a ak zòn ann Ayiti kote moun yo plis konsantre. Antre : soti 6 pou rive 12 lane 10 \$, gramoun 20 \$

Kote a : 9546, boul. Gouin-O, Pierrefonds (Kebèk) H8Y 1R3  
Rezèvasyon: Woodline Taverne 438 824-3421

### **Vendredi 27, samdi 28 ak dimanch 29 oktòb**

Pou Ayiti ou «Organisation Socio Culturelle et Artistique Canada-Haïti» ap prezante : IN MEMORIAM DE MARCHATERRE.

Oganizatè yo: Gabriel Junior, Polycarpe Hébert, Frantz Clairvil.

Ayiti, jou ki te 6 desanm 1929, tou pre vil OKay, fòs okipasyon yo te fè yon masak. Dapre sa jounal ayisyen epòk la rapòte, yo te touye 22 peyizan epi blese 51 lòt.

Òktòb 2017, ki se 88 lane apre, nouvo fòs okipasyon yo deside apre 13 lane depi yo te enstale yo nan peyi a sou non ministah y ap konvèti yo an minijusth. Nan kontèks espesyal sila a, « Pou Ayiti»

- conférenciers et comédiens invités : Edenne Roc, Hebert Polycarpe, Frantz Clairvil, Pierre Junior Gabriel, Reginald Germain et sa troupe ;

Lieu : CÉGEP du Vieux Montréal, 255, rue Ontario-E, Montréal, H2X 1X6. Tél. : 514 962-8640

### **Samedi 28 octobre, de 17 h a 20 h**

Histoire de la cuisine Haïtienne par régions, une activité organisée par SOLIDD ou Solidarité Internationale pour le Développement Durable.

Présentation de la Cuisine Haïtienne innovante, dégustation de divers plats, exposition de produits, mise en valeur des potentialités du pays et les zones de concentrations en Haïti. Entrée : enfants de 6 à 12 ans 10 \$, adultes 20 \$.

Lieu : 9546, boul. Gouin Ouest, Pierrefonds (Québec) H8Y 1R3  
Réservation: Woodline Taverne 438 824-3421

### **Vendredi 27, samedi 28 et dimanche 29 octobre**

Pou Ayiti ou Organisation Socio Culturelle et Artistique Canada-Haïti présente : IN MEMORIAM DE MARCHATERRE

Personnes ressources : Gabriel Junior, Polycarpe Hébert, Frantz Clairvil.

Haïti, 6 décembre 1929, à quelques kilomètres de la ville des Cayes, les forces de l'occupation ont fait un carnage : 22 paysans protestataires sont tués, 51 sont blessés selon les rapports de la presse haïtienne.

Octobre 2017, 88 ans plus tard, la nouvelle version des forces de



pwofite selebrasyon «Mwa kreyòl nan Monreyal» 2017 la pou li fè n sonje sa.

Yon enstalasyon ki pral reprezante yon fo simityè pral bay yon atmosfè ki pral nwaye nan linivè kilti vodou a. Antre gratis.

Kote a : Espace Mushagalusha, 533, ri Ontario E, Monreyal (Kebèk)  
H2L 1N8. Tel. : 514 962-8640

l'occupation a décidé, 13 années après leur installation dans le pays, de se métamorphoser de minustah en minijusth. Dans ce contexte particulier, "pou Ayiti" à l'occasion du Mois du Créole à Montréal se propose de faire un devoir de mémoire.

Une installation représentant un cimetière fictif, dans une atmosphère générale s'inscrivant dans un univers culturel vodou. Entrée libre.

Lieu : Espace Mushagalusha, 533 Rue Ontario E, Montréal, Québec,  
H2L 1N8. Tél. : 514 962-8640